# TARIRO YANHASI

## CHITSAUKO 38

## KUGAMUCHIRA NZVIMBO YAMWARI

Dzimwe nguva zvakaoma kuziva kuti Mwari vanoda kuti unge uripi kana kuziva kuti Mwari vanoda kuti uitei. Dzimwe nguva zvinotonetsa kuti ndizive kuti zvandinonyatsoda ndezvipi - zvandisingagoni kurarama ndisina. Ndinoda kukubvunza mubvunzo iwoyo izvozvi. Ndezvipi zvinhu zvinodiwa nemunhu zvaasingagoni kurarama asina? Ndinoona mundima idzi dziri muBhaibheri kuti Noa aive mumamiriro ezvinhu akakodzera chaiwo chaiwo. Zvakaipa zvese zvakange zvaparadzwa nekuti Mwari vakange vati vachaparadza zvipenyu zvese nekuda kwehuipi hwazvo. Mwari vakazviita. Mamiriro ezvinhu atinowana Noa ari, haasati ambopinda maari - matsva. Vanga vachangobuda muareka. Zvinhu zvese zvanga zviri zvitsva. Noa aive nemamiriro ezvinhu atingati akakodzera chaizvo chaizvo. Asi mamiriro ezvinhu aya akakwanisa kugutsa zvido zvaNoa here?

Kwatiri isu, kazhinji kacho zvinhu zvatinoti ndizvo zvakatikoshera, zvinhu zvekuti hatigoni kurarama tisina, tinenge tichitarisira zvinhu zvatinoda mazuva ese zvinoti: kudya nekupfeka nepekugara. Kazhinji tinongofunga kuti dai taita zvinhu izvi chete. Zvinoreva kuti zvido zvedu zvainge zvagutswa. Asi tingati here vanhu vese vane zvinhu izvi vane mufaro wechokwadi? Zvinhu izvi ndizvo zvega here zvinodiwa muhupenyu here? Hapanazve zvimwe here zvausingagoni kurarama usina? Mhinduro ndeye kuti zviripo. Pane zvimwe zvinodiwa muhupenyu pamusoro pezvekudya nezvekupfeka nepekugara.

Kukosha kunoita KUGAMUCHIRA NZVIMBO YAMWARI kunofanira kusimbiswa. Kubudirira nekuwana shungu dzekuenderera mberi mune ramangwana zvinobva pakugamuchira nzvimbo yaMwari. Izvi zvinonyatsoratidzwa muhupenyu hwaNoa muna Genesi 9:18-29.

*18. Vanakomana vaNoa vakabuda muareka vaiva Shemu, Hamu naJafeti. (Hamu*
*akanga ari baba vaKenani.) 19. Ava ndivo vakanga vari vanakomana vatatu vaNoa,*
*uye kwavari ndiko kwakabva vanhu vakaparira pamusoro penyika. 20. Noa akava*
*murimi, akarima munda wamazambiringa. 21. Akati anwa imwe yewaini yawo,*
*akadhakwa uye akavata akashama mutende vake. 22. Hamu, baba vaKenani, akaona*
*kusasimira kwababa vake akaudza mukoma wake nomunun'una vake vaiva panze.*
*23. Asi Shemu naJafeti vakatora nguo vakayiisa pamafudzi avo, ipapo vakafamba*
*nenhendashure vakafukidza baba vavo pakusasimira kwavo. Zviso zvavo zvakanga*
*zvakatarisa parutivi kuitira kuti varege kuona kusasimira kwababa vavo. 24. Noa*
*akati amuka kubva pawaini yake uye akaziva zvakanga zvaitwa kwaari*
*nomwanakomana wake muduku. 25. Akati, "Kenani ngaatukwe! Achava muranda*
*wavaranda kuvakuru vake." 26. Akatiwo, "Ngaakudzwe Jehovha Mwari waShemu!*
*Kenani ngaave muranda waShemu. 27. Mwari ngaakurise nyika yaJafeti, Jafeti*
*ngaagare mumatende aShemu, uye Kenani ngaave muranda wake." 28. Shure*
*kwamafashamu, Noa akararama kwamakore mazana matatu namakumi mashanu.*
*29. Pamwe chete, Noa akararama kwamakore mazana mapfumbamwe namakumi*
*mashanu, uye akafa."*

Kubva pane zvakaitika kuna Noa tinoona MAMIRIRO EZVINHU aya anotidzidzisa kugamuchira nzvimbo yaMwari uye kuti pane zvimwe zvinodikanwa muhupenyu zvatisingagoni kurarama tisina pamusoro pekudya nekupfeka nepekugara. Chivi chaNoa chinotidzidzisa kukosha kunoita kugamuchira nzvimbo yaMwari. Noa akava hurudza. Akava murimi. Mushure memafashamu emvura nyika yese zvayo yakange iri yaNoa nemhuri yake. Mamwe maBhaibheri anoti akatanga kurima. Zvino hapana chakamboipa pakurima. Hongu panogona kuita dambudziko rekuti unogona kurima mbeu dzisiri idzo. Asi kungorima uchidyara muvhu hachisi chivi. Hachisi chivi kuita mabiko nekupemberera. Ndinoreva kuti unogona kuita mhemberero panguva yekukohwa kana kupemberera kuzvarwa kwemunhu. Hazvinei kuti maita mhemberero yei.

Saka apa pakave nedambudziko rei? Dambudziko raive rekuti. Noa akarima munda wemazambiringa ndokubva anwa waini kusvika adhakwa. Ipapo ndipo pakapinda chivi. Kudhakwa kunoita kuti munhu upi neupi zvake aite benzi. Ndakaona zvidhakwa zvichidzedzereka. Kana munhu akadhakwa haagoni kuzvidzora. Anenge ave kurarama munyika yake ega. Anenge asingachanyotsozivi kwaanenge ari. Noa akatutwa nayo waini. Kwete kuti akange azvironga asi kuti zvakangoitika. Noa akabvisa hembe dzake ndokushama ndokubva mwana wake muduku amuonerera. Hazvipise tsitsi here kuti munhu uyu anotsanangurwa muBhaibheri sandiye ega akange akarurama pasi rino rese. Akakanganwa kuti akange ari ani akatendera kusazvidzora kumupinza muchivi. Nhaiwe unoona here kuti dai akangorangarira nzvimbo yake nekurangarira nzvimbo yaMwari muhupenyu hwake pamwe angadai asina kuwira pasi sezvaakaita. Zvakazotaurwa naNoa zvakaporofita nzvimbo dzakatemwa naMwari muhupenyu hwevanakomana vake. Akataura mashoko mushure mekunge amuka. Akataura pamusoro pevanakomana vake vari vatatu

nezvizvarwa zvavo, akataurawo muzukuru wake mumwechete. Noa akati, “Kenani ngaatukwe! Achava muranda wavaranda kuvakuru vake.” Iri ndiro shoko raNoa pamusoro paKenani mwanakomana waHamu. Shoko iri raive nechekuita nezvinobatika zvemuhupenyu huno. Noa akataura pamusoro pezvinhu nemamiriro ezvinhu ehupenyu hwepanyama. Hamu aka akapinda akasaremekedza kutaridzika kwababa vake. Hatipihwe tsananguro yekuti nemhaka yei Noa akatuka mwanakomana waHamu asi baba vacho varivo vakange vatadza. Asi mashoko aNoa akapa imwe nzvimbo kuna Kenani. Iyi yaive nzvimbo yaizopihwa naMwari.

Zvino Noa akataura pamusoro paShemu aive mumwe wevanakomana vake. Tichingoona nemanyorerwo azvikaitwa zvinooneka kuti Shemu ndiye akange ari mukuru pavanakomana vatatu vaNoa ava. Noa akati, “Ngaakudzwe Jehovha, Mwari waShemu!” Iro hama yangu ishoko repamweya. Hanzi, “Mwari waShemu! Ishe uyu Mwari waShemu ndiye akachengetedza Noa nevanakomana vake vatatu nevakadzi vavo nemhuka dzese muareka. Ndinodaira kuti uri kuzviona. Kuburikidza nemhuri iyi yaShemu nhaka huru yehunhu nemweya yakazouya kunyika. Tine zvinyorwa zvakawandisa zvakabva kurudzi rwaShemu. Zvinyorwa zvacho zvizhinji zvakazara nezvinhu zvinovaka pamweya. Bhaibheri ndiro mbiru yetsika nemagariro erudzi rwaShemu. Mitemo inegumi yaMosesi ndiyo inoumba hwaro hwehunhu hwakanaka kusvika pazuva ranhasi. Zvino Noa akataura pamusoro pemwanakomana wechitatu Jafeti. Noa akati, “Mwari ngaakurise nyika yaJafeti; Jafeti ngaagare mumatende aShemu.” Zvinoita sekuti iri raive shoko rine chekuita nenjere. Ndinoona kuti zvizvarwa zvaJafeti ndizvo zvaive mberi panyaya dzebudiriro nekuwedzerwa kweruzivo nekugadzira zvinhu zvitsva nekuwana zvinhu zvitsva. Nyaya dzeScience nemishina zvinoratidzika kuti zvakabuda nekukura kubva mumhuri yaJafeti. Ndivo vakawana hupfumi hwenyika hunosanganisira

mafuta nezvicherwa zvakakosha. *Radio* ndiyo chimwe chakabva muScience nemumushina yakawanikwa neverudzi nenyika yaJafeti. Ini handisi kuzoita gakava newe pamusoro pemashoko aNoa. Ini handisi kuzoatora ndomhanya nawo. Ndinongoawona ndotsvaga zvandingadzidze kubva kwaari. Mwari vaive nenzvimbo yakasarudzika yemumwe nemumwe wevanakomana vaNoa. Kunyange Noa akange aita chivi asi zvakataurwa naNoa ndezvechokwadi. Bhuku rinopa ruzivo pamusoro pezviitiko zvepasi rino rese rinonzi *encyclopedia* rinoti zvese zvakataurwa naNoa pamusoro pevanakomana vatatu vake zvakaitika.